



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE LWA SOU TRANSPARANS SALÈ NAN TOUT ETA
NEW YORK PANDAN YON LEJISLASYON INOVATÈ AP ANTRE ANVIGÈ**

*Lalwa egzije anplwayè ki gen kat oswa plis anplwaye pou yo ajoute salè anyèl
minimòm oswa maksimòm oswa ranje pa èdtan pou konpansasyon nan nenpòt òf
travay*

*Baze sou angajman Gouvènè a pou sipòte travayè New York yo ak rann yo
otonòm*

*Peryòd kòmantè piblik la ouvè kounye a pou règleman yo pwopoze yo pou nouvo
lwa a*

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a inogirasyon lwa sou transparans salè New York la, ki antre anvigè jodi a. Lejislasyon enpòtan an, ke Gouvènè Hochul te siyen an ane pase, egzije pou biznis atravè Eta New York ki gen kat oswa plis anplwaye yo enkli ranje konpansasyon nan tout piblisite yo pou opòtinite travay, pwomosyon, ak transfè. Lejislasyon an mete aksan sou angajman New York pou abòde disparite nan salè yo ak pou pwomouvwa transparans nan pratik konpansasyon atravè eta a epi li baze sou angajman Gouvènè a pou sipòte ak rann travayè yo otonòm.

"Avèk aplikasyon lwa sou transparans salè nou an, New York yon lòt fwa ankò nan dènye avangad pwomosyon jistis ak ekite nan espas travay la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Disparite salè yo agrave inegalite nan eta nou an pandan twò lontan epi yo mete anpil travayè – sitou fanm ak moun koulè yo – nan dezavantaj. Mwen te fyè pou m siyen lejislasyon sa a pou ede inifòmize règ jwèt la nan eta nou an, epi m ap kontinye travay ak Lejislati a sou solisyon pou sipòte, pwoteje, ak rann otonòm travayè yo jiskaske nou finalman konble diferans salè yo nan New York".

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

"Transparans nan konpansasyon se pa sèlman konsènan chif yo—se konsènan jistis, otonomi, ak rekonesans valè chak moun. Lwa sa a se yon etap enpòtan nan asire ke chak Nouyòkè gen enfòmasyon yo bezwen pou pran desizyon karyè enfòme, ankouraje yon anviwònman kote ekite pa sèlman yon ideyal men yon pratik chak jou".

Lwa a egzije tout opòtinite travay, pwomosyon oswa transfè ki fèt fizikman, omwen an pati, nan Eta New York pou yo enkli yon seri salè lè yo fè piblisite. Sa a aplikab pou nenpòt opòtinite ki fèt andeyò eta a, ki gen ladan opòtinite adistans oswa teletravay, ke yo rapòte bay yon sipèvizè, biwo oswa lòt sit travay ki nan Eta New York. Ranje salè yo dwe gen ladan salè anyèl minimòm ak maksimòm oswa konpansasyon èdtan ke yo kwè, nan bon konfyans, ki egzat nan moman piblikasyon an. Anplwayè yo dwe deklare klèman tou si yon pozisyon baze sou komisyon. Lwa sa a make yon etap enpòtan nan direksyon pou inifòmize règ jwèt la, asire ke anplwaye yo gen aksè a enfòmasyon vital sou konpansasyon, epi rann yo otonòm pou pran desizyon enfòmè sou karyè yo.

[Yon fèy enfòmasyon sou transparans salè ak dokiman Kesyon yo Poze Souvan \(FAQ\)](#) disponib sou sitwèb NYSDOL avèk plis enfòmasyon ak konsèy sou nouvo lwa a. Yo te pibliye règleman yo pwopoze pou nouvo lwa a nan Rejis Eta a nan 13 septanm 2023. Piblik la gen 60 jou pou revize ak fè kòmantè sou règleman yo.

Devouman Gouvènè Hochul pou ankouraje transparans, jistis, ak ekite nan espas travay te ranfòse pa mwayen yon rapò resan ki soti nan Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York sou Eka Salè ant Sèks yo. Rapò a te endike fanm nan mendèv New York yo te touche 88.2 santim pou chak dola gason te touche an 2021.

Kòm yon pati nan aplikasyon Lwa sou Transparans Salè a, NYSDOL gen otorite pou asire konfòmite, epi yo ankouraje moun yo pou yo pote plent si òf travay yo pa genyen ranje konpansasyon yo. NYSDOL angaje l pou mete anplas yon estrikti ranfòsman solid ak sanksyon pou anplwayè sa yo ki refize konfòmè yo.

NYSDOL pral angaje aktivman pati konsène yo epi kreye konsèy itil pou edike 500,000 biznis, travayè, ak moun k ap chèche travay pandan l ap mennen kanpay sansibilizasyon piblik ke nouvo lwa sa a egzije. Apre yon peryòd kontak ak biznis yo, Depatman an pral itilize done plent yo pou detèmine si modèl ki pa konfòm yo parèt nan sèten endistri oswa nan sèten rejyon nan eta a.

Gouvènè Hochul rete angaje pou l sipòte travayè yo atravè Eta New York epi li te pran plizyè aksyon resan pou elaji opòtinite travay, ranfòse dwa travayè yo, epi pwoteje travayè yo kont abi ak eksplwatasyon anplwayè yo. Gen yon lis reyalizasyon pwofesyonèl resan ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)